Өзбекстан Республикасы атынан

# ҲҮКИМ

2024-жыл 01-ноябрь Нөкис қаласы

Жынаят ислери бойынша Нөкис қаласы суды төмендеги қурамда, басшылық етиўши суд судьясы Г.Утепбергенова, судья жәрдемшиси И.Асенбаевтың хаткерлигинде, тәреплерден - мәмлекетлик айыплаўшы Нөкис қаласы прокурорының жәрдемшиси Г.Арзымбетова, судланыўшы XXX оның қорғаўшысы адвокат М.Жанызаковтың қатнасында, усы судтың суд мәжлислери залында, ашык суд мәжлисинде, дәслепки тергеў уйымы тәрепинен Өзбекстан Республикасы ЖК 131-статьясы 2-бөлими менен айыпланған XXXның қарсысындағы 1-2301-2404/565(354011/2024-400НЭ)-санлы жынаят исин қарады.

XXX XXX туўылған, миллети өзбек, Өзбекстан Республикасы пуқарасы, мағлыўматы орта, ўақтынша жумыссыз, шаңарақлы 4 перзентли, мәмлекетлик сыйлық алмаған, судланбаған, XXX жасаўшы, 2024-жыл 31-август күнинен баслап жеке кепиллик бас шарасы қолланылған, айыплаў акти көширмесин 2024-жылы 11-сентябрь күни алған.

Суд-суд мәжлисинде, судланыўшының ҳәм гүўалардың көрсетпелерин, мәмлекетлик айыплаўшының ҳәм қорғаўшы адвокаттың пикирлерин, судланыўшының жарыс ҳәм ақырғы сөзлерин тыңлап, ис материаллары менен бирге салыстырып, тексерип шығып төмендегилерди

а н ы қ л а д ы:

Судланыўшы XXX 2024-жыл 13-август күни өзиниң жасап атырған XXX 200.000 сўм муғдарындағы пул есесине Қараөзек районы Есим МПЖ Абай көшеси 49-жайда жасаўшы 22.12.2001-жылы туўылған пуқара XXX ҳәмде Әмиўдәрья районы «Қылышбай» АПЖ Дарханбай көшеси 12-жайда жасаўшы 02.12.1999-жыл туўылған XXXна жынысый қатнаста болыўлары ушын шәраят жаратып берип зийнехана шөлкемлестирген.

Солай етип, XXX Өзбекстан Республикасы ЖКниң 131-статьясы 2-бөлиминде көрсетилген жынаятты қастан ислеген.

Судланыўшы XXXның ислеген жынаяты төмендеги дәлийллердиң жыйындысы менен, яғный, суд мәжлисинде XXX айыбын толық мойынлап, пушайманлық билдирип, “өзи ҳәзирги жумыссыз екенлигин, өзи үйинде атыз тәрепинен еки бөлмеден ибәрат ертеден салынып турған жайға бурыннан шаңарақлы адамларды қойып келгенлигин, олар үйинен шығып кеткеннен соң ижәраға адам алмақшы болып телеграмм социаллық тармағындаға “Үй-жай” каналына күнлик жай ижәраға бериледи деген хабар жибергенлигин, себеби үйи Нөкис қаласы Республикалық қыстаўлы медициналық жәрдем көрсетиў

илимий орайы Нөкис филиалының жанында болғанлықтан емлеўханада жатырған наўқаслардың изинен хабар алыўға келген пуқаралар жатады деп ойлағанлығын, өзи Онкология емлеўханада ОРС бөлиминде 2 жылдан бери емленип жүргенлигин, өзине пул керек болғанлықтан усы жай ижәраға берилиўи ҳаққында хабар бергенлигин, себеби ҳәр химия терапия алыўы ушын 3.500.000 сўм пул кететуғынлығын, 2024-жыл 12-август күни өзиниң социаллық тармағына қойған +99891 929-19-85 қол телефонына +99899 594-40-42 қол телефоны арқалы бир жас бала қоңыраў еткенлигин, ол ижәраға жай бар деп қойған екенсиз деп айтқанлығын, өзи сол бала менен сөйлескенлигин, сол бала өзине бир қыз бенен бармақшы екенлигин айтқанлығын, кейин өзинен "дем алып кетсек болама, шомылғандай жери шәраятлары жаратылғанба" деп сорағанлығын, өзи аўа шомылатуғын жери бар деп айтқанлығын, кейин ол яқшы бараман деп үй мәнзилинин алғанлығын, арадан ўақыт өтип сол бала қоңыраў етип бүгин бара алмаслығын, қасындағы қызы ертең шығатугын болып қалғанлығын, ертеси күни келетуғынын айтқанлығын, өзиде разы болганлығын, 2024-жыл 13-август өзиниң қол телефонына сол бала қоныраў етип өзиниң қыз бенен киятырғанын айтқанлығын, ол өзинен жайды ижәраға 2 саатқа алатуғын болып саатына 200.000 бериў ушын келискенлигин, ол бала қасында бир жас қызды алып келип жайға кирип кеткенлигин, соның арасында арадан 30 минут ўақыт өткеннен соң сол бала қыз бенен жайдан шығып үйиниң сыртқы дәрўазасынан шығатуғын жерде өзиниң қолына 2 дана 100.000 сўмлық купюрадағы пулларды бергенлигин ҳәм қыз бенен бала дәрўазадан шығып атырған ўақтында үйине ИИБ хызметкерлери келип өзлерин таныстырғанлығын, олар өзине оператив иләж өткерип атырғанлығын, сол бала жынысый қатнасықта болыўлары ушын шәраят жаратып бергени ушын алған пулларды шығарыўды айтқанлығын, өзи қалтасынан сол келисилген 200.000 сум пулларды шығарып бергенлигин, пуллар қалыс гуўалар қатнасында ИИБ хызметкерлери тийисли тәртипте баяннама рәсмийлестирип айғақлы зат ретинде алынғанлығын ҳәм тийисли тәртипте қалыслар қатнасында баяннама дүзилгенлигин, бул жынаятты өзи пулға мүтәжлигинен ислегенлигин, себеби өзи көкирек безисаратаны кеселлиги менен аўырып операция болғанлығын, ҳәзирде 2-топар майыбы екенлигин, үйинде қәйин ата-енеси, төрт қыз перзенти ҳәм күйеўи менен жасайтуғынлығын, өзине жеңиллик бериўди" сорап көрсетпе берди.

Гүўа XXXның дәслепки тергеўде берген яғный, «өзи жумыссыз екенлигин, 2024-жыл 13-август күни телеграм социал тармағы арқалы "XXX" атлы шахс өзиниң Нөкис қаласындағы үйинде еркек ҳәм ҳаялларадың бирге жынысый қатнаста болыўына шәраят жаратып берип атырғанын еситкенлигин, өзи оның нөмерине қоңыраў етип квартираға үй берилиўин сорағанында қашанға керeклигин сорағанлығын, өзи кешке қызы менен баратуғынын айтқанлығын, ол ондай болса кешке Нөкис қаласы И.Юсупов көшесинде 88-жайға келебериң деп айтқанлығын, оннан ҳаққысы қанша сўм болатуғынын сорағанында XXX өзине 200.000 сўм болатуғынын айтқанлығын, өзи ондай болса кешке жақын қызы менен барыўын айтқанлығын, соң Нөкис қалалық ИИО ЖМБға барып сол "XXX" деген шахсқа нызамлы шара көриў ҳәм оның жынайы ҳәрекетлерине шек қойыў

мақсетинде арза менен мүрәжәәт еткенлигин, оған қарсы тәдбирде кететуғын қаржыларды өзиниң қасынан ислетиўге өз қәлеўи менен разылық билдирип, ИИО хизметкерлерине еки дана 100.000 сўмлық купюрадағы жәми 200.000 сўм пулларды усынғанлығын, өзиниң танысы болған Нилуфар атлы қыздан қоңыраў етип тәдбирде жәрдем бериўин сорағанлығын, олда тәдбирде қатнасыўға өз разылығын билдиргенлигин, ИИО хызметкерлерине усынған пулларын өзине бийтаныс болған еки қалыс қатнасында тийисли тәртипте рәсмийлестирилгенлигин, баяннама менен өзине қайтарылып берилгенлигин, соң тәдбир қатнасыўшылары менен XXXның үйине қарай барғанлығын, өзи жолда оған қоңыраў еткенинде ол Нөкис қаласы И.Юсупов көшесинде 88-жайды түсиндиргенлигин, соң айтылған мәнзилге барғанлығын, өзи қызы менен дәрўазасынан ишке кирип XXX менен сөйлескенлиги ҳәм оның үйиниң атыз бетинде жайласқан еки бөлмели жайының оң қапталдағы бөлмесине киргенлигин, өзи менен бирге барған танысы Нилуфар менен бир мәртебе өз қәлеўи менен жынысый қатнасықта болғанлығын, арадан 20 минут ўақыт өткеннен соң сол бөлмеден шығып XXXның үйине кирер дәрўазасының алдында рәсмийлестирилген200.000 сўм пулларды бергенлигин, өзлери дәрўазадан шығып атырған ўақтында ИИО хызметкерлери кирип келгенлигин, өзиниң XXXға берген 200.000 сўм пулларды ИИО хызметкерлери ҳүжжетлестирип айғақлы зат ретинде қалыс гуўалар қатнасында алғанлығын, кейин ўақыя жерин көзден өткерип тийисли тәртипте баяннама дүзилгенлиги”-ҳаққындағы көрсетпеси менен;

Гүўа XXXның дәслепки тергеўде берген яғный, «өзи жумыссыз екенлигин, өзи 2024-жыл 13-август күни өзиниң алдыннан сөйлесип жүрген жигити XXX менен ушырасқанлығын, ол ишки ислер хызметкерлери менен өткерилетуғын тадбирде қатнасып бериўи ушын жәрдем сорағанлығын, өзиде жәрдем бериўге разы болғанлығын, өзлери XXX менен жынысый қатнаста болыў мақсетинде ишки ислер хызметкерлери, еки қалыс гуўа ҳәм XXX менен бирге Нөкис қаласы И.Юсупов көшеси 88-жай Қыстаўлы медицина бирлеспесиниң артындағы көшеге барғанлығын, өзлери сол жерге XXX менен бирге барып, сол үйдиң дәрўазасынан кирип атыз бетинде жайласқан еки бөлмели времянка жайға барғанлығын, ишке кирип оң қапталдағы бөлмеге киргенлигин, сол апа өзлерине сол жерге қуман ләгенди алып келип бергенлигин, кейин өзи XXX менен бир мәрте сол жайда жынысый қатнасықта болғанлығын, кейин мен сол жердеги қуманға жуўынып алғанлығын, арадан 20 минут ўақыт өткеннен соң сыртқа шығып, көшеге шығатуғын дәрўазаның ишки тәрепинде XXX сол өзин XXX деп таныстырған апа менен келисилген 200.000 сўм пулды бергенлигин, өзлери үйдиң дәрўазасынан шығайын деп атырғанында ишке Ишки ислер бөлими хызметкерлери кирип келгенлигин, сол жерде XXX ападан XXXдиң берген пулларын қалыс гуўалар қатнасында айғақлы зат ретинде тексерип көриў ушын алғанлығын, кейин ўақыя жерин көзден өткерип ҳүжжетлестиргенлиги”-ҳаққындағы көрсетпеси менен;

Гүўа XXXның дәслепки тергеўде берген яғный, «өзи жумыссыз екенлигин, 2024-жыл 13-август күни саат 16:00 лерде Нөкис қаласы 23-киши районы аймағында Нөкис қаласы ИИО ЖМБның қасынан өз жумыслары менен өтип баратырғанында алдына өзин Ишки ислер хызметкерлери деп

таныстырған еки шахс келип өзлериниң хызмет гүўалығын көрсеткенлигин, олар жынаят қыдырыў тәдбири өткерилип атырғанлығын, сол тәдбирде қалыс болып қатнасыўын илтимас еткенлигин, өзи қәлеўи менен қалыс болып қатнасыўға разылық билдиргенлигин, өзи менен бирге бийтаныс болған Шухрат деген балада қалыс болып қатнасып атырғанлығын билгенлигин, соң өзлери ИИО имаратына барғанлығын, сол жерде ХХХ атлы шахс тәрепинен өзиниң Нөкис қаласындағы үйинде еркек ҳәм ҳаяллардың бирге жынысый қатнаста болыўы ушын шәраят жаратып берилип атырғанлығы ҳәм сол шахстың ҳәрекетлери жүзесинен нызамлы шара көрилиўин сорап Айтбаганбетов ХХХ атлы шахс арза бергенлигин, сол арза тийкарында ИИО хызметкерлери тәрепинен тәдбир өткерилип атырғанлығы билдирилгенлигин, өзлерине нызымдағы ҳуқық ҳәм мәжбүриятлары түсиндирилгенлигин, өзлериниң қатнасында арза берген ХХХ атлы шахстың өзи жанынан тәдбир ушын усынылған еки дана 100.000 сўмлық купюрадағы жәми 200.000 сўм пулларды усынғанлығын, сол пуллар тийисли тәртипте рәсмийлестирилип ХХХқа берилгенлигин, бул ҳаққында баяннама дүзилгенлигин, соң өзлери ХХХ атлы шахстың Нөкис қаласыдағы үйине қарай тәдбир қатнасыўшылары менен жолға шыққанлыгын, жолда ХХХ сол ХХХ атлы шахсқа қоңыраў етип жынысый қатнаста болыў ушын еки саатқа келискен бала екенлигин айтқанлыгын, ХХХ болса оған Нөкис қаласы И.Юсупов көшеси 88-жайын түсиндирип гөне Экстренный больницаның артына келиўин түсиндиргенлигин, өзлери И.Юсупов көшеси 88-жай алдына тәдбир қатнасыўшылары менен биргеликте барған ўақтында ХХХ өзлериниң қатнасында рәсмийлестирилип берилген пуллар ҳәм өзине бийтаныс болған бир қыз бенен сол үйге кирип кеткенлигин, арадан шама менен 20 минут өткеннен кейин ХХХ қасындағы қыз бенен дәрўазасынан шыққанлығын, өзлери сол үйге дәрўазасының ишине кирип барғанлығын, сол жерде орта жаслардағы бир апа турғанлығын, өзлери ИИО хизметкерлери менен бирге оның алдына барғанлығын, ИИО хизметкерлери өзлериниң хызмет гүўалығын көрсетип тәдбир өткерилип атырғанын айтқанлығын, тәдбирде сол апаның жынаят ислеўде гүман қылынып атырғанлығын түсиндирилгенлигин ҳәмде жанында болған нәрселердиң барлығын шығарыўды айтқанлығын, сол ўақытта баяннама менен рәсмийлестирилип ХХХқа берилген еки дана 100.000 сўмлық купюрадағы жәми 200.000 сўм пуллар ХХХ атлы шахстан шыққанлығын, ол өзиниң ислеген қылмысын тән алғанлығын, соң тәдбир қатнасыўшылары менен үй ишине, яғный атыз тәрепиндеги еки бөлмели жайға киргенде оң қапталдағы бөлмеде төсек жайыўлы турғанлығын көргенлигин, соң ўақыя болған жер өзлериниң қатнасында көзден өткерилип тийисли тәртипте баяннама дүзилгенлигин, ИИО хизметкерлери менен ИИО имаратына қайтып келип тәдбир даўамында ХХХ өзи жанынан тәдбир ушын деп берген ҳәм тийисли тәртипте рәсмийлестирилип берилген пулларды салыстырыў баяннамасы дүзилгенлигин, жынаят иси материалларына айғақлы зат сыпатында қосып қойылғанлығын, тәдбир даўамында алынған жәми 3 дана видеолар өзлериниң қатнасында DVD дискке жазылып бул ҳаққында тийисли тәртипте баяннама дүзилгенлиги”-ҳаққындағы көрсетпеси менен;

Буннан басқа, судланыўшы XXXның айыбы истиң 4-бетиндеги XXXтың арзасы, 6-11-бетиндеги 13.08.2024-жылғы ўақыя жерин көзден өткериў баяннамасы, схемасы ҳәм фото сүўретлери, 12-13-бетиндеги айғақлы зат ретинде алыў ҳәм алынған затларды салыстырыў ҳаққындагы 13.08.2024-жылғы баяннамасы, 14-15-бетиндегиXXX ҳәм XXXның түсиник хатлары, 20-22-бетиндеги аудио жазыўларды еситиў ҳәм стенограмма қылыў ҳаққындагы 13.08.2024-жылғы баяннамасы, менен толық тастыйықланады.

Дәслепки тергеў органы тәрепинен судланыўшы XXXның ис-ҳәрекетлери Жынаят Кодексиниң 131-статьясы 2-бөлими менен дурыс квалификация етилген деп есаплайды.

Себеби, судланыўшы XXX 2024-жыл 13-август күни өзиниң жасап атырған Нөкис қаласы И.Юсупов көшеси 88-жайда пуқаралар XXX ҳәмде XXXна жынысый қатнаста болыўлары ушын шәраят жаратып берип, есесине XXXтан 200.000 сўм пул алған.

XXX Өзбекстан Республикасы Жынаят Кодексиниң 131-статьясы 2-бөлими менен жынайый жуўапкершиликке тартылыўы тийис.

Өзбекстан Республикасы Олий Суды Пленумының 2006-жыл 3-февральдағы «Судлар тәрепинен жынаят ушын жаза тайынлаў әмелияты ҳаққында»ғы 1-санлы Қарарының 3-бәнтинде «Жынаят кодексиниң 8,54-статьялары мазмунына көре, жаза әдалатлы болыўы-ҳәр бир ҳалатда индивидуал тайынланыўы, жынаяттың ҳусусияты ҳәм жәмийетлик қәўиплилик дәрежесине, айыпкердиң шахсына, сондай-ақ жазаның жениллестириў ҳәм аўырластырыўшы ҳалатларына муўапық болыўы керек.-деп көрсетилген.

Жынаяттың жәмийетлилик қәсийетине қаратылған объекти (инсан өмири ҳәм саўлығы, мүлк, жәмийет қәўипсизилиги ҳәм т.б) айып түри, жынайый қылмыстың нызамда қайсы тайпаға (ЖК 15-статьясы) киритилгенлиги менен белгиленеди.

Жынаяттың жәмийетлилик қәўиплилик дәрежеси қылмыс исленген халатлары (жынайый нийеттиң амелге асырылғанлығы дәрежеси ҳәм басқышлары, жынаяты ислеў усылы, зыян муғдары яки келип шыққан ақыбетлери аўырлығы, қатнасыўшылықта исленген жынаятта судланыўшының роли) менен белгиленеди-деп көрсетилген талапларын басшылыққа алады.

Суд, судланыўшы XXXға жаза тайынлағанда оның шахсын, айыбын толық мойынлап, ислеген исинен шын кеўилден пушайман екенлигин, жынаяттың ашылыўына актив жәрдем бергенлигин, пушайманлық арза бергенлигин, бурын судланбағанын, төрт перзенти бар екенин, өзи 2-топар майыбы екенлигин, ис бойынша материаллық зыянлар жоқ екенин айыбының жеңиллестириуши жағдайлары деп, ал айыбын аўырластырыўшы жағдайлар жоқ деп табады.

Өзбекстан Республикасы Олий Суды Пленумының 2006-жыл 3-февральдағы «Судлар тәрепинен жынаят ушын жаза тайынлаў әмелияты ҳаққында»ғы 1-санлы қарарының 2-бәнтинде «Судларға түсиндирилсин, Жынаят кодексиниң 10-статьясында нәзерде тутылған жуўапкершиликтиң

сөзсизлиги принципи жаза қолланыў шәртлилигин аңлатпайтуғынлығы түсиндирилген.

Сол себепли судлар, жәмийетлик қәўиплилиги үлкен болмаған яки онша аўыр болмаған жынаятты биринши мәрте ислеген, шын кеўилден пушайман болған ҳәм жынаяттың ашылыўына актив жәрдем берген шахсларды ЖКниң 65,66, 70,71-статьяларына муўапық жуўапкершиликтен ҳәм жазадан азат етиў мәселесин додалаўы лазым.-деп көрсетилген.

Жынаят кодексиниң 15-статьясына тийкар ЖК 131-статьясы 2-бөлими жәмийетлик қәўипи үлкен болмаған жынаятлар катарына киреди.

ЖК 71-статьясына тийкар жәмийетлик қәўиплиги үлкен болмаған яки онша аўыр болмаған жынаятты биринши мәрте ислеген шахс, егер айыбын мойнына алыў ҳаққында арза берген, жынаяттың ашылыўына актив жәрдем берген ҳәм келтирилген зыянларды қаплаған болса, суд тәрепинен жазадан азат етиўи мүмкин.

Усы жоқарыдағыларға тийкар суд XXX дәслепки тергеўден баслап айыбын толық мойынлап көрсетпелер берип келгенин, жынаяттың ашылыўына жәрдем бергенин, дәслепки тергеўде ҳәм судта айыбын мойнына алып пушайманлық арза бергенин, бурын судланбағанын, төрт перзенти бар екенин, өзи 2-топар майыбы екенлигин, он үш мәрте химия терапиясын алғанлығын ҳәм көкирек бези саратаны кеселлигинен операция болғанлығын, итибарға алып XXXны ЖК 71-статьясына асас жазадан азат етиўди лазым тапты.

жынаят ис бойынша айғақлы зат ретинде алынған 200.000 сўм пуллар ийеси XXXқа тилхат арқалы қайтарып берилгенлиги итибарға алыўды;

жынаят исине қосылған 1 дана DVD диск жынаят иси менен бирге қосып сақлаўды лазым табады.

Жоқарыда баян етилгенлерге тийкарланып ҳәм ЖПК 454-457, 460, 463, 465-468, 471-473-статьяларын басшылыққа алып, суд

ҳ ү к и м е т т и :

Судланыўшы XXX Өзбекстан Республикасы Жынаят Кодексиниң 131-статьясы 2-бөлими менен айыплы деп табылсын, ЖК 71-статьясына тийкар жаза тайынланбастан жазадан азат етилсин.

Судланыўшы XXXның жеке кепилликке алыў ҳаққындағы тилхат бас шарасы бас шарасы бийкар етилсин.

Жынаят ис бойынша айғақлы зат ретинде алынған 200.000 сўм пуллар ийесине тилхат арқалы қайтарып берилгенлиги итибарға алынсын.

Жынаят исине қосылған 1 дана DVD диск жынаят иси менен бирге қосып сақлансын.

Ҳүкимнен наразы тәреп жәрия етилген күннен баслап 10 сутка ишинде, судланыўшы ҳәм жәбирлениўшилер ҳүким көширмесин алған күннен баслап усы мүддет ишинде усы суд арқалы Қарақалпақстан Республикасы судына апелляция тәртибинде, ҳүким нызамлы күшине киргеннен соң кассация тәртибинде нарийзалық арза келтириўге, прокурор протест билдириўге ҳақылы.

Басшылық етиўши, судья:- Г.Утепбергенова